



DEKONTAMINASYON POU OUMENM AK LOT MOUN

① RETIRE KOUCHE RAD KI SOU DEYÒ A



Retire kouch rad ki sou deyò a pou elimine jiska 90% materyo radyoaktif.

Fè anpil atansyon lè w ap retire rad ou pou anpeche pousyè radyoaktif la vole.



Mete rad la nan yon sak plastik oswa yon resipyen fèmen.




Mete sak la nan yon kote izole, lwen lòt moun ak bêt nan kay.

② FE TWALET OU

Si w kapab pran yon douch:

Itilize savon ak chanpou. Pa itilize rens paske l ap lakòz materyo radyoaktif kole nan cheve w.



Pa chode, fwote oswa grate po w.

Kite koupe ak grafonyen sou po w rete kouvri lè w ap lave w pou anpeche materyo radyoaktif rantre nan blesi louvri yo.

Si w pa kapab pran yon douch:



Lave men w, figi w ak pati nan kò w ki pa te kouvri nan yon lavabo oswa anba yon tiyo. Itilize savon ak anpil dlo.



Si w pa kapab itilize yon lavabo oswa yon tiyo:

Itilize papye imid, rad mouye ki pwòp oswa sèvyèt an papye imid pou siye pati nan kò w ki pa te kouvri. Bay men w ak figi w yon atansyon espesyal.



Mouche nen w epi siye popyè je w, plim je w ak zòrèy ou ak yon papye imid, twal mouye ki pwòp oswa sèvyèt an papye imid.



③ METE RAD PWOP

Si w gen rad pwòp:



Rad ki nan klozèt oswa tiwa lwen materyo radyoaktif pa gen danje pou mete yo.



Retire kouch rad ki sou deyò a, sekwe oswa bwose rad ou, epi remete l.




Relave men w, figi w ak pati nan po w ki espoze nan yon lavabo oswa anba yon tiyo.

④ EDE LOT MOUN AK BET NAN KAY



Mete gan dlo pa kakap travèse ak yon mas pou pousyè si w gen posibilité.



Kite koupe ak grafonyen sou po w rete kouvri lè w ap lave w pou anpeche materyo radyoaktif rantre nan blesi a.



Relave men w, figi w ak pati nan kò w ki pa te kouvri nan yon lavabo oswa anba yon tiyo.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention